



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 3 jiyè 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MEZI REPRESYON KONT MOUN KAP TÈKS MESAJ PANDAN YO SOU VOLAN
4 JIYÈ A GRASA DEPWAMAN ESPESYAL MACHIN BANALIZE POU KENBE CHOFÈ KI DISTRÈ**

Mezi Represyon Enfiltre ap Kòmanse Jodi a Anvan Vwayaj Konje Kat Jiyè yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a lansman yon nouvo mezi represyon pandan ete Lapolis Eta New York sou moun distrè k ap kondi. Travay \$1milyon a pral kontribiye nan ogmantasyon represyon ak patrouy, patikilyèman atravè operasyon enfiltrasyon k ap itilize SUV State Police banalize pou kenbe chofè ki distrè. Nouvo kanpay sa chita ou de gwo efò Gouvènè a te lanse nan kòmansman ane a pou reprime distraksyon sou volan - ogmantasyon amann pou distraksyon sou volan apati twa rive senk pwen sou yon lisans chofè epi siyati lwa li yo pou ogmante sispansyon lisans ak peryòd anilasyon pou distraksyon sou volan sou jèn ak nouvo chofè.

“Tèks sou volan se yon pratik danjere ki pa pral tolere sou wout ak otowout New York,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Anons jodi a lavèy youn nan wikenn ki gen plis aktivite nan ane a pou vwayajè pral garanti sekirite nan Eta New York pou chofè non sèlman pandan wikenn konje a men tou pandan tout ete a ak annapre. Pa gen ankenn eskiz pou distraksyon sou volan, epi ak operasyon sa Nouyòkè mèt rete asire State Police la ap veye wout yo, menm si lòt chofè pap fè l.”

Operasyon sa pote yon gwo ogmantasyon nan operasyon enfiltrasyon lapolis sou wout ak otowout nan tout eta a. Operasyon patwouy enfiltre te sitou efikas nan idantifye ak bay kontravansyon nan ka moun kap tèks sou volan, epi patwouy banalize anplis sa yo pral gen yon enpak konsiderab sou aplikasyon ranfòse règleman machin ak sikilasyon nan tout eta a. State Police pral itilize machin Polis Sikilasyon ki pa Idantifye (Concealed Identity Traffic Enforcement, CITE) nan kad operasyon kap pèmèt idantifye pi fasilman chofè kap tèks pandan y ap kondi. Machin CITE konsevwa menm sou platfòm pi wo pase sa ki mwayen yo, pou pèmèt ofisye gen plis kapasite pou wè lòt machin epi detekte moun ki ap voye mesaj tèks. Flòt machin CITE State Police la banalize epi vini nan plizyè koulè pou garanti yo pase inapèsi nan sikilasyon sou wout la. Yo ekipe tou ak limyè ijans gwo entansite kache.

Nan Eta New York, youn sou senk aksidan se konsekans distraksyon sou volan. Lane pase te genyen plis pase 30.000 kontravansyon ki te bay nan Eta New York pou moun k ap tèks pandan y ap kondi – yon 234% ogmantasyon depi lane 2011. Lè w konpare, te gen mwens pase 44.000 arestasyon DWI/DWAI nan

Haitian Creole

Eta New York nan lane 2012 la, sa ki reprezante yon diminisyon 4% depi lane 2011. Danje yo ki genyen nan voye tèks sou volan anplifye sèlman lè pratik la tounen bagay odinè. Fokis operasyon sa sou polisye enfiltre pral voye yon mesaj fò pou chofè nan tout Eta New York k ap kondi epi itilize yon aparèy nan men yo.

Aktivite represyon gwo anvègi ap fèt tou nan tout rejyon eta a, yo te kòmanse samdi 29 jen 2013 epi ap kontinye jiska dimanch 7 jiyè 2013. Aktivite represyon pral fokis sou dispozitif retni sekirite, distraksyon dèyè volan, detay vitès, lwa move over ak sekirite motosiklèt. Pwen kontwòl DWI ak represyon sou timoun kap bwè pral fèt tou nan tout eta a apati 4 jiyè jiska dimanch 7 jiyè.

“New York State Police pral aplike lwa sou machin ak sikilasyon New York grasa itilizasyon plizyè detay nan zafè sekirite sikilasyon pandan peryòd aktivite fèt la nan yon efò pou bay tout moun sekirite sou wout yo,” te deklare Sipè Entandan State Police, Joseph A. d'Amico “Anplis pwen kontwòl DWI, detay sou kontwòl vitès, detay nan zafè lwa move over ak sekirite motosiklèt, lapolis eta a pral idantifye chofè ki distrè. Nouvo kanpay represyon Gouvènè a te anonse jodi a, pral ede nou garanti sekirite tout moun yo ki itilize otowout New York epi ankouraje chofè respekte règleman wout yo, fè pridans epi kondi san danje.”

Prezidan AAA Legislative Committee John Corlett te di konsa, “Gouvènè Cuomo rekonèt ak rezon tèks sou volan se yon epidemi sou wout nou yo atravè Eta New York ak nan tout peyi a. Li se yon chanpyon enkondisyonèl nouvo lwa ak efò represyon pou stope distraksyon chofè. Angajman \$1milyon li a pou amelyore operasyon polisye ak kanpay sansibilizasyon piblik pral ede kenbe move chofè epi gaye nouvel la sou danje ki genyen nan tèks sou volan. Sa pral voye yon mesaj pou tout chofè depoze telefòn yo epi kenbe je yo sou wout la. Nou felisite Gouvènè a pou angajman li nan pwoblèm enpòtan sa pou mete plis sekirite sou wout ak otowout New York pou chofè nou yo.”

Presyon polisye ranfòse sa vini anvan konje Jounen Endepandans la, ki se toujou yon jou kote moun plis vwayaje nan ane a. Finansman adisyonèl la pou operasyon sa pral pèmèt plis State Troopers siveye wout aktivman pou aplike lwa sou machin ak sikilasyon New York, men pa sèlman nan gwo anbouteyaj peryòd konje men men pandan tout ete a.

Lane pase, State Police te bay 3.210 kontravasyon sou machin ak sikilasyon pandan epòk fèt sa, ki gen ladan 1.132 pou eksè vitès, 84 pou distraksyon sou volan, 26 kontravasyon Move Over Law ak 251 pou vyolasyon dispozitif retni sekirite. Manm State Polis te fè 87 arestasyon DWI pandan epòk fèt lane pase.

Anplis, State Police pral patisipe nan yon Inisyativ Sekirite san Fwontyè nan zòn kole ak fwontyè Kanada pou jere volim sikilasyon pandan wikenn 4 jiyè a. State Police pral siveye vyolasyon tankou fè vitès, pa mete senti sekirite, kondi sou ak itilize aparèy nan men yo sou wout ki nan zòn pòs fwontyè entènasyonal enpòtan yo.

Finansman pral soti nan resous ki la deja yo redirije ak nan kont aktif yo sezi.

Haitian Creole

Nan lane 2012, ajan lapolis onivo eta ak lokal te bay antou 216.706 moun kontravasyon poutèt itilizasyon telefòn selilè pandan y ap kondi, epi pou lane 2013 la (jiska 1ye jen) yon total 69.970 moun te pran kontravasyon poutèt yo te itilize yon telefòn selilè pandan yo tap kondi. Men yon repatisyon chif sa yo pou chak konte:

KONTE	2012	2013		KONTE	2012	2013
ALBANY	3.773	933		NIAGARA	1.561	516
ALLEGANY	163	73		ONEIDA	1.450	615
BRONX	12.413	3.603		ONONDAGA	3.176	1.090
BROOME	1.164	352		ONTARIO	609	279
CATTARAUGUS	589	137		ORANGE	4.319	1.167
CAYUGA	354	190		ORLEANS	144	72
CHAUTAUQUA	1.065	547		OSWEGO	436	254
CHEMUNG	687	186		OTSEGO	515	170
CHENANGO	257	136		PUTNAM	816	250
CLINTON	468	177		QUEENS	33.904	11.676
COLUMBIA	530	190		RENSSELAER	1.031	299
CORTLAND	506	198		RICHMOND	5.333	2.027
DELAWARE	123	43		ROCKLAND	2.162	707
DUTCHESS	2.504	716		SARATOGA	1.944	592
ERIE	7.055	1.989		SCHENECTADY	845	311
ESSEX	178	66		SCHOHARIE	127	107
FRANKLIN	284	101		SCHUYLER	66	37
FULTON	278	85		SENECA	224	115
GENESEE	586	151		ST LAWRENCE	1.515	339

GREENE	219	101		STEUBEN	725	682
HAMILTON	8	4		SUFFOLK	8.324	2.842
HERKIMER	336	130		SULLIVAN	744	327
JEFFERSON	682	334		TIOGA	299	77
KINGS	42.815	12.979		TOMPKINS	739	243
LEWIS	147	74		ULSTER	2.653	796
LIVINGSTON	453	119		WARREN	637	110
MADISON	716	208		WASHINGTON	296	68
MONROE	4.200	1.116		WAYNE	533	169
MONTGOMERY	433	174		WESTCHESTER	8.737	2.386
NASSAU	7.619	2.781		WYOMING	172	35
NEW YORK	42.005	13.705		YATES	60	14
				TOTAL ANYÈL	\$216.706	69.970

###

W ap jwenn lòt nou vèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418